МБУ «ВЕДЕНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА «КЕРЛА ДАХАР»

ЧЕТВЕРГ 6 АПРЕЛЯ 2023 г. № 14 (6974)

# КЕРЛА ДАХАР

www.kerla-dahar.ru • t.me/gazeta_kerla_dahar | ВЫХОДИТ С 1938 ГОДА СВОБОДНАЯ ЦЕНА

ЗIЕНАШ

## КАДЫРОВ АХЬМАД КОЬРТЕХЬ ВОЛУ НОХЧИЙЧОЬНАН ДЕЛЕГАЦИ АЗЕРБАЙДЖАНЕХЬ ХИЛИРА

**Нохчийн Республикин Мехк-Ден гIоьнча, берийн а, кегийрхойн а «Хьалхарчеран болам» Россин йукъара йукъараллин-пачхьалкхан боламан регионан отделенин Советан председатель Кадыров Ахьмад цхьаьнакхийтира Азербайджанан Республикин экологин а, Iаламан тIаьхьалонийн а министраца Бабаев Мухтарца. Алиев Гайдар вина 100 шо кхачарна лерина мероприятеш дIайахьарна кечамбаран а, дIайахьаран а гурашкахь Баку визит йинчу хенахь хилира и цхьаьнакхетар. Оцу хьокъехь соцсетехь йолчу шен агIонехь хаам бира Нохчийн Республикин Мехк-Дас Кадыров Рамзана.**

Цхьаьнакхетарехь цара билгалдехира цхьаьна гIуллакхаш дан тарлуш долу некъаш, дIахаийтира вежараллин дика йукъаметтигаш кхидIа а чIагIлуш дIагIуриг хиларх шаьш тешна хилар. Бабаев Мухтара дийхира доттагIаллин йукъаметтиг чIагIйеш, Алиев Гайдаран 100 шо кхачаран юбилейн сийнна иэсан беш йеш синтарш дIадерехь Кадыров Ахьмаде а, цуьнан цIарца Нохчийн Республикин куьйгалле а дакъалацар. Цхьаьнакхетар дерзош вовшашна безамна совгIаташ дира цара.

Азербайджанан КхоалгIачу Президентан, гоьваьллачу политикин гIуллакххочун Алиев Гайдаран 100 шо кхачаран сийнна Нохчийчохь а билгалдеш ду цхьамогIа гIуллакхаш дIадахьар. «Вайн халкъашна йукъахь баккъал а вежараллин йукъаметтигаш чIагIйарехь Алиев Гайдара динчу гIуллакхийн боккха сий-ларам бо вай. Нохчийн халкъана чолхе беанчу муьрехь, сан хьомсарчу деца, Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентаца, Россин Турпалхочуьнца Кадыров Ахьмад-Хьаьжица цхьаьна цо къахьийгира вайн халкъийн динан а, культурин а зIенаш чIагIйаран декъехь.

Ас даггара баркалла боху Азербайджанан куьйгаллина Кадыров Ахьмад коьртехь волу Нохчийчоьнан делегаци дика тIеэцарна. Тешна ву оцу беркатечу цхьаьнакхетаран тIаьхье кестта дикачу агIор хаалург хиларх», - йаздина Кадыров Рамзана.

**Д. ТУСХАРОЕВ**

В РАЙОНЕ

## САДАКА ОТ РОФ

**Региональный общественный фонд им. Первого Президента ЧР, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова провёл очередную благотворительную акцию.**



Малоимущие и остронуждающиеся семьи Веденского муниципального района ЧР получили от Фонда продуктовые наборы, состоящие из тушек кур, хлеба и лимонада.

Глава Администрации Веденского района Шарпуди Абдулазизов в своем Телеграм-канале выложил пост, в котором искренне поблагодарл за эту щедрую помощь Главу ЧР, Героя России Рамзана Ахматовича Кадырова и Президента РОФ Аймани Несиевну. Дала сагIа къобалдойла шун! Дала тIаьхье беркате йойла!

**А. ТАМАЕВ**

## БЕРАШ КХЕТОШ-КХИОРЕХЬ ГIИЛЛАКХ-ОЬЗДАНГАЛЛИН А, ЛАМАСТИЙН А ДОЗАНАШ

Школе даха хан кхачаза долу кегий бераш кхетош-кхиорехь дайшкарчу гIиллакх-оьздангаллин а, ламастийн а дозанаш билгалдовлу.

Нохчийн халкъан туьйранаш тIехь а, нохчийн йаздархойн говзарш тIехь а бераша театральни гIуллакхдар Iаламат чIогIа мехала ду къона чкъор кхетош-кхиорехь.

Даймахке, ненан матте кегийчу берийн кIорггера безам кхоллабалийта а, лерам хилийта а Iалашо йолуш; Нохчийн Республикин МехкДас Ахьмад-Хаьжин Рамзана 2023-гIа шо - Нохчийн меттан шо дIакхайкхийна хилар тидаме а эцна, Ведана кIоштарчу берийн бошмашкахь беш болчу балха тIехь хIораннан а гулделла долу зеделларг вовшашна довзийтаран Iалашонца хилира Веданан кIоштахь бекарг беттан ткъе цхьаалгIачу дийнахь кхеташ-кхиархойн семинар-практикум.

Мероприяти д1айаьхьира Дишни-Веданара № 12 йолу Абдурзаков Азамата ц1арахчу берийн бешахь. Оцу учрежденин куьйгалхочо Зулкарнаева Умрис а, цуьнан коллективо а йуьхьк1ам боллуш дика кечам а бинера и цхьанакхетар пайдехь а, самукъане а, семинар-практикума т1елаьцна 1алашо йуьззина кхочушхилийта а.



Семинарехь дакъалецира республикин урхаллин комитетан векалша М. Чатаевас а, Т. Абдурзаковас а.

Цхьанакхетар дIадаьхьира Хушалаева Хьурмата а, Абубакарова Нурседас а.

КIоштарчу берийн бошмашкахь беш болу болх бовзийтале, таро хилира говзанча-классе хьовса.

Цунах шаьш эцначу пайданах а, шайна зеделлачух а, шайна тайначух а дуьйцуш, кхачамбацарш билгал а дохуш, вовшахкхетаран жамIаш дира гулбеллачара.

«Кехатан беттан шолгIа дахар» темина кечйина говзанча-класс йовзийтира, кехатан баттарчех хIун далур ду дуьйцуш, хIуманан тIалам бан Iамош.

Дукха хьолахь туьканара

**(Чаккхе - 2-чу агIон тIехь.)**

# БЕРАШ КХЕТОШ-КХИОРЕХЬ ГІИЛЛАКХ-ОЬЗДАНГАЛЛИН А, ЛАМАСТИЙН А ДОЗАНАШ

**(Йуьхь - 1-чу агІон тІехь.)**

эцна цхьа хІума – тІейуху бедар хуьлийла иза йа йуург хуьлийла – кехатан батта чохь хуьлу. Чуьра хІума схьа а оьций, тІехулара ботт дІакхуссу вай. Ткъа берашна бес-бесарчу йозанашца, суьрташца кечйина ботт хазахета. Малхбузехьара, Европера вайн махка йохка йеана хуьлу тайнигаш, машинаш, тІедуху барзакъаш а. Уьш а хуьлу хаза кечдинчу стоммачу кехатан беттанаш чохь.

Баьсса ботт дІакхосса, новкъара дІабаккха, сихло вай. Вайна ца хаьа, цунах, тидам тІебахийтича, вуно хаза туьйранан турпалхо ван, йа тайниг йан, йа кхин цхьа бийцІаьлдиг йан мегий. Иштта йинчу бийцІаьлдигашца бераш туьйранан турпалхой а хуьлуьйтуш, дІабаьхьча, вуно чІогІа чулацам болуш хуьлу берийн бошмашкара болх.

Баттарчийн стомма кехат лело атта а ду, йа берийн могушаллина цунах хила зен а дац. Цунах дезар деш оьшу тукар, бустам, тайп-тайпана басарш, хьаьхьамч, скотч. Оцу коьчалщца берийн карахь дІакхийссан бен пайде дац аьлла хетачу кехатан баттарчех хІуъа а хила тарло.

Берийн бешахь дІахьош болчу кхетош-кхиоран балхахь кхиархошна зеделларг тосало массо а ловзаршна йукъахь. Берашна къаьсттина дезарг туьйранах ловзар ду. Царна чІогІа хазахета, шаьш турпалхойн метта хІиттийча. Иштташу ловзарша уьш дика-вуо къасто Іамадо, берийн уьйраш чІагІйо. Мел тийна долчу беран а, накъостех дІа а оьй, ловза дог доуьйту.

Бераш, хьовсархошна гайта туьйра хІоттош, сцени тІехь лела Іема, шайна хилла цатам гайта хаьа царна; цецдовла, дийладала, кхерадала, тидаме хилан хаьа.

Берашца кхетош-кхиорхоша дуьйцу туьйранан турпалхойн бедар муха хила йеза, церан аматех, амалех. Берашна хаза хІун хета а хоттуш, цаьрга жоп а долуьйтуш, къамелаш до цаьрца.

«Лулахой» туьйра гайта кечдеш, туьйранан турпалхойн васташ Іаламат хаза гайтира бераша.

Синкъераме йара садаІаран миноташ, чехкааларш, хІеталметалш, кицанаш, шира дешнаш. Гайтира «Барзо Іахарца мохк къовсар» аьлла долчу халкъан туьйранан сурт, берийн хелхарш.

Нийсо туоло, харцо иэшо обарган хала дукъ т1е а лаьцна, г1одайукъ йихкина араваьлла хилла обарг Зелимхас нийсо ларйеш хиларх лаьцна инзаре хаза сценка кечйинера № 3 йолу Веденара «Машар» берийн бешара школазхоша.

Вайн къоман сий, йахь, оьздангалла, шен сица хилла йолчу Дадин-йуьртахь йаьхначу Айбикин хелхаре хьовса аьтту а хилира. Айбикас шен и тІаьххьара хелхар, йурт йагочу дийнахь, маьждиган майданахь массеран а дог-ойла ира-кара хІоттош, дина хиллера.

"Серах ца бина хІоз хьокханах бабелла бац" олуш кица ду вайн. Бераллехь дуьйна дика-вуо, хьанал-хьарам, къизалла-къинхетам, Даймахке болу безам муха хила беза, дІахьоьхуш хила деза берашна.

Жимчохь атта ду берийн бошмашкахь дуьйцу туьйранаш а, беш болу хьехамаш а дІалаца, дика дагахь лаьтта царна шаьш хІиттийна суьрташ, хуьлийла уьш халкъан барта кхоллараллера (туьйранашкара, иллешкара), йа йаздархойн говзарийн турпалхойн васташ хуьлийла уьш.

Йаздархочо гойтуш долу турпалхочун ваcт шен ойланехь шех дустар, говзачу, аьхначу маттаца шен матте а, махке а безам кхоллар, иштта гІиллакх-оьздангалле шовкъ-марзо кхуллуш, къоман дахар довзуьйтуш къахьегар ду мехала.

Туьйранашкахь дика-вуо къасто хаар, говзарийн турпалхой бовзар, церан метта шаьш хІиттор бераша чІогІа хазахетарца тІеоьцу. Берашна хІинцале девза туьйранаш: «Борз-газий», «Барзо Іахарца мохк къовсар», «Мекара цхьогал», Саракаев Хьамзатан «Баьпган чкъуьйриг» цІе йолу дийцар. Оцу дийцарехь йаздархочо гойту нехан къа лара дезар а, мацалла хала хилар а, къа ца хьегча, ваха хала хилар а.

Иштта берашна йовзийта хьакъ йолу говзарш: дийцарш, байташ – дукха йу вайн къоман йаздархойн.

Зама, хууш ма хиллара, даима хийцалуш лаьттина, лаьттар йолуш а йу. Амма хІора заманан билгалонаш, хьалха баьхначу нехан дахар, царна хилла хазахетарш йа халахетарш, сий, йахь, оьздангаллин сизаш йоьдучу-йогІучу заманан литературашкахь дуьсуш ду.

Вайн коьрта Іалашо йу, вайн дайша вайна битина мотт, мохк, гІиллакх-оьздангалла, Даймахке безам, вайн дин а, йоьІан бІаьрг санна, лардеш, гонахарчу къаьмнашца йаза а, тарйала а хууш йехар йолу тІаьхье кхиор.

Вайн бераша, бакхийчара а тІехь, кхечу къаьмнийн дешнаш шайн къамелана хаддаза йукъадалош хиларан тидам банза хир дац вай. Иза башха новкъа хІума а дац аьлла-м хета, делахь а мотт йаккхло, иштта хІума могуьйтуш хилча.

Шен декхаршца лара ца деллла къам даккхийчу къаьмнашлахь, элой, довш, схьайогІуш йу зама.

Дуьнен чуьра дайна дІадовллал, хала а, къиза а, кхераме а киртигаш хІиттина вайн къомана тІе.

Амма вайн къоман синчІагІо Везчу Дала башха кхолларна а, Цо шен къинхетамах вай ца хадорна а, вайн къам тахана а тийсалуш ду кху маьлхан дуьненах, вешан нохчийн кхерч а, доь а ца дайта гІерташ.

ТІекхуьучу тІаьхьенийн хьекъалехь хилар, кхетамехь хилар, оьзда хилар доьзна ду доьзалх, дех-ненах; дешаран хьукматийн балхах; йукъараллин низаман чІагІонах.

ДегІан муьлхха а цхьа меже ца хилча, эшамехь хуьлу дегІ. Халкъо заманан йохаллехь дахарх чекхдаьхна шен Іадаташ дІатасахь, тІаьхье а хир йу эшамехь.

ТІейогІучу хенахь а могуш, кхеташ, оьзда тІаьхье кхиорехь кхиамаш хуьлуш; дайшкахь хиллачу оьздангаллин гура чохь диса Дала аьтто бойла къоман.

**П. ПАДАЕВА,**
**Ведана кІоштарчу школазхойн урхаллин куьйгалхо**

## СОВЕТ ДЕПУТАТОВ ВЕДЕНСКОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ ЧЕТВЕРТОГО СОЗЫВА

# РЕШЕНИЕ № 6

**28. 02. 2023г.** **с. Ведено**

**О внесении изменений в «Положение о дорожном фонде Веденского муниципального района Чеченской Республики»**

Руководствуясь частью 5 статьи 179.4 Бюджетного кодекса Российской Федерации, статьей 28 Устава Веденского муниципального района, Совет депутатов Веденского муниципального района Чеченской Республики четвертого созыва решил:

1. Внести в «Положение о муниципальном дорожном фонде муниципального образования Веденского муниципального района Чеченской Республики" (далее – Положение), утвержденное решением Совета депутатов Веденского муниципального района от 25 июля 2019 года № 42 "Об утверждении Положение о муниципальном дорожном фонде муниципального образования Веденского муниципального района Чеченской Республики " следующие изменения:

1.1 Добавить пункт 2.4 в разделе 2 Положения следующего содержания:

объем бюджетных ассигнований дорожного фонда Веденского муниципального района:

- подлежит увеличению в текущем финансовом году и (или) очередном финансовом году на положительную разницу между фактически поступившим и прогнозировавшимся объемом доходов бюджета Веденского муниципального района, учитываемых при формировании дорожного фонда Веденского муниципального района;

- может быть уменьшен в текущем финансовом году и (или) очередном финансовом году на отрицательную разницу между фактически поступившим и прогнозировавшимся объемом доходов бюджета Веденского муниципального района, учитываемых при формировании дорожного фонда Веденского муниципального района.

1.2. Добавить пункт 3.8 в разделе 3 Положения следующего содержания:

- бюджетные ассигнования дорожного фонда Веденского муниципального района, не использованные в текущем финансовом году, направляются на увеличение объема бюджетных ассигнований дорожного фонда Веденского муниципального района в очередном финансовом году.

2. Настоящее решение подлежит опубликованию в районной газете "Керла дахар" и размещению на официальном сайте интернет-сайте администрации Веденского муниципального района.

3. Настоящее решение вступает в силу после его официального опубликования и распространяется на правоотношения, возникшие с 1 января 2023 года.

**Глава района** **В. ХАМЗАТОВ**

# РЕШЕНИЕ № 10

**30. 03. 2023г.** **с. Ведено**

**О внесении изменений в решение Совета депутатов Веденского муниципального района от 30.12.2022 года № 67 «О бюджете Веденского муниципального района на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов»**

В соответствии с Бюджетным Кодексом Российской Федерации, Федеральным Законом от 06.10.2003г. № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» (с изменениями и дополнениями) и Уставом Веденского муниципального района Чеченской Республики, Совет депутатов Веденского муниципального района четвертого созыва решил:

Внести в решение Совета депутатов Веденского муниципального района от 30.12.2022 г. № 67 «О бюджете Веденского муниципального района на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов» следующие изменения:

1. Подпункты 1, 2 и 3 пункта 1 статьи 1 изложить в следующей редакции:

«1) прогнозируемый общий объем доходов бюджета Веденского муниципального района в сумме 1 167 262, 891 тыс. рублей, в том числе: безвозмездных и безвозвратных поступлений из республиканского бюджета 1 020 280, 664 тыс. рублей, налоговых и неналоговых доходов 146 982, 227 тыс. рублей;

2) общий объем расходов бюджета муниципального района в сумме 1 173 354, 434 тыс. рублей;

3) прогнозируемый дефицит бюджета Веденского муниципального района в сумме 6 091, 542 тыс. рублей;»;

2. Дополнить пункт 1 статьи 1 подпунктом 4 следующего содержания:

«4) источником финансирования дефицита бюджета Веденского муниципального района в сумме 6 091, 542 тыс. рублей определить остатки средств на счете бюджета на начало текущего финансового года.».

3. Пункт 6 статьи 4 изложить в следующей редакции:

«6. Утвердить объем бюджетных ассигнований дорожного фонда Веденского муниципального района на 2023 год в сумме 15 069, 296 тыс. рублей, на 2024 год в сумме 13 057, 756 тыс. рублей, на 2025 год в сумме 13 865, 987 тыс. рублей.

4. Подпункт 3 пункта 1 статьи 5 изложить в следующей редакции:

«3) субсидии бюджетам сельских (городских) поселений на 2023 год в сумме 0, 0 тыс. рублей, на 2024 год в сумме 4 152, 087 тыс. рублей, на 2025 год в сумме 0, 0 тыс. рублей;

5. Приложения 1, 3, 5, 7, 9 и 11 утвердить в новой редакции, согласно приложениям, к настоящему решению.

6. Настоящее решение подлежит обнародованию путём размещения на официальном сайте Администрации Веденского муниципального района и опубликования в районной газете «Керла дахар» в установленном порядке.

7. Настоящее решение вступает в силу с момента его опубликования.

**Глава района** **В. ХАМЗАТОВ**

# РЕШЕНИЕ № __

**ПРОЕКТ**

**«__». __. 2023г.** **с. Ведено**

**Об утверждении отчета об исполнении бюджета Веденского муниципального района за 2022 год**

В соответствии со ст. 264.5 «Бюджетного кодекса Российской Федерации» от 31.07.1998 г. № 145-ФЗ, Уставом Веденского муниципального района и разделом 7 Положения о бюджетном устройстве и бюджетном процессе в Веденском муниципальном районе Совет депутатов Веденского муниципального района Чеченской Республики четвертого созыва

**РЕШИЛ:**

1. Утвердить отчет об исполнении бюджета Веденского муниципального района за 2022 год по доходам в сумме 1 056 223,7 тыс. рублей и расходам 1 056 530,8 тыс. рублей.

2. Утвердить показатели доходов бюджета Веденского муниципального района за 2022 год в сумме 1 074 395,8 тыс. рублей по кодам классификации доходов, в том числе по собственным доходам в сумме 124 027,8 тыс. рублей и безвозмездным поступлениям 950 368,0 тыс. рублей согласно приложению 1.

3. Утвердить показатели расходов бюджета Веденского муниципального района за 2022 год в сумме 1 080 794,478 тыс. рублей по ведомственной структуре расходов согласно приложению 3 и по разделам и подразделам классификации расходов согласно приложению 2.

4. Утвердить показатели источников финансирования дефицита бюджета Веденского муниципального района за 2022 год по кодам классификации источников финансирования дефицитов бюджетов согласно приложению 4.

5. Признать исполнение бюджета Веденского муниципального района за 2022 год удовлетворительным.

6. Финансовому управлению Веденского муниципального района:

- вести текущий учет и контроль за своевременным и в полной сумме поступлением налогов и сборов в бюджет Веденского муниципального района;

- обозначить основные направления и определить конкретные меры и задачи по привлечению дополнительных доходов в бюджет Веденского муниципального района для обеспечения исполнения расходов, направленных на улучшение состояния бюджетных учреждений и повышение качества оказываемых услуг населению;

- продолжить работу по актуализации налогооблагаемой базы налога на землю и имущество физических лиц и проведению инвентаризации бесхозного имущества в целях увеличения поступлений в бюджет Веденского муниципального района;

- продолжить в 2023 году своевременное финансирование бюджетополучателей в пределах сводной бюджетной росписи;

- повысить требовательность к бюджетополучателям, в части своевременного исполнения регламента административного документооборота, представления отчетности и заявок на финансирование, а также недопущения принятия расходных обязательств сверх установленных лимитов бюджетных обязательств;

- усилить контроль над целевым использованием бюджетных средств, для этого активнее координировать свои действия с правоохранительными и другими контролирующими органами;

- оперативно и в соответствии с действующими нормативно правовыми актами решать вопросы своевременного направления средств на выплату заработной платы работникам бюджетной сферы, оплаты коммунальных услуг и прочих расходов, соблюдая оптимально установленные сроки подготовки расходных расписаний и кассовых заявок на исполнение расходов.

7. Решение Совета депутатов Веденского муниципального района подлежит опубликованию в районной газете «Керла дахар» и размещению на официальном сайте Администрации Веденского муниципального района.

8. Решение вступает в силу со дня его опубликования.

**Глава района** **В. ХАМЗАТОВ**

2023-ГІА ШО – НОХЧИЙН МЕТТАН ШО!

# ДАХАРЕХЬ Б1АЬРЛА ЛАР ЙИТИНАРГ, ЙА ГУЬНАРА НОХЧИЙН МЕТТАН, ЛИТЕРАТУРАН ХЬЕХАРХОЧУХ ГАЙТУРКАЕВ МАНИХ ДОШ

Вайн махкахь, хазачу Веданан к1оштахь, къоьжачу лаьмнашна к1елахь 1уьллу дика йевзаш йолу йурт - Гуьна. Цуьнан коьрта бахьана ду оцу йуьртахь 1ар-вахар Кишин Кунта-Хьажин хилар, цул совнаха Кишин-Хьаьжас дукха гергарлонаш тийсина Гуьнарчу нахаца. Шен ши йиша Матий, Хьаптий гуношка йелла, кхин долу захалонаш а дина, Хьаьжин муридашна а, кхиболчу нахана а хууш ма хиллара, шен нана Хеда кхелхича Гуьнахь д1айерзийира цо. Х1инца наха Хеда д1айоьллинчу меттигах Эртина а, иштта Хьаьжин Эвла а, олу - и берриг а гунойн мохк бу.

Оцу йуьртахь 1889-чу шарахь дуьненчу ваьлла хинволу нохчийн меттан а, литературан а хьехархо Гайтуркаев Мани. Цуьнан ц1е дика йевзар йу вайн махкахь, нахана шех пайда бера болуш хьекъале стаг ша хиларе терра.

Манин ден ц1е Г1айт1уркъа хилла, ненан ц1е Забар йара олура. Г1айт1уркъан доьзалехь ши к1ант а, кхо йо1 а кхиъна. Манин воккхах волу ваша жима волуш ца йевзаш цамгарх кхелхира. Г1айт1уркъа Мани дуьненчу валале цхьа ялх бутт хьалха 1ожалло лецира. Нанна Забарна бисира жима доьзал, уьш кхио г1ерташ къахьийгира цо. Шен к1ентан Манин ирс дешарца дуй хиира нанна. Цо и деша д1авелира Гуьнахь схьайиллинчу хьуьжаре. Иза схьайиллинарг йара Гуьнара йахархо, воккхачу Хьаьжин (Ташов-Хьаьжин) йоь1ан йо1 Зех1ила. Ша дуьненчу йолуш дуьйна б1аьрзе йара иза. Делахь а наха сий деш а, ларам беш а йара, шен лелар ненан ден лорах долун дела. Шена гуш х1умма а доццушехь, хазарца Къуръан дагахь 1амийра цо. Цуьнца цхьаьна заманахь бахьначу наха, хиндерг гарца Дала Каламат делла олура цунна. Зех1ила 1939 шарахь кхелхира, амма цо схьайиллинчу хьуьжарах боккха пайда белира йуьртахошна а, къаьстина Манина а. Цунна 1емира 1аьрбойн маттахь йеша а, йаздан а. Вайна ма-хаьара Советан 1едал д1ах1оттале вайнаха пайдаоьцуш йерг 1аьрбойн меттан алфавит йара. Оцу элпех пайда а оьцуш, нохчийн маттахь а, 1аьрбойн маттахь а йоза деш хилла. Бевзаш болчу нохчийн поэташа а, йаздархоша а, 1илманчаша а (1абди Дудаев, Сух1айп-молла и д. кх.) пайдаоьцуш хилла оцу элпех.

Манин 17-18 шо кхочуш т1едеара Советан 1едал. Цо дуккха а харцонаш лелийна къомаца, амма цу харцонашна йуххехь диканиг а хилла. Оцу хенахь хилла болчу хьаькамаша ч1ог1а тидам т1ебахийтина хилла дешарна, массо а ала мегар долуш, йарташкахь ишколаш йехкира. 1едалан 1алашо хилла массо стаг а, зуда а (8 шарера – 50 шаре кхаччалц) ишколашкахь 1амо. И 1алашо кхочушйеш Гуьнахь а йиллина ишкол. Хьалха хьуьжарехь дешна дуккха бераш а, баккхийнаш а цига деша бахара. Цу хенахь хилла болу Гуьнара цхьаболу бахархой ч1ог1а доьхьал бара йуьртахь «большевикийн» лаамца хьуьжаран метта ишкол схьайелла. Цара оцу дешаран меттигна «шайт1анан бен» аьлла ц1е а тиллинера. И ишкол бахьана долуш йуьртахошна йуккъехь дуккха а цатемаш хилира. Цакхетарш д1ададахархьама Ведана к1оштара «Красный пахарь» газетан редактор волу Халаев Ширвани Муслиевич веара шен йуьртахошка вистхила. Цо царна бийцира ишколах бера болу пайда. Йаздан а, деша а 1амийна ца 1аш, шуна йалта муха лело деза, бежанаш, уьстаг1ий муха кхаба деза 1амор ду ишколехь, бохуш кхетийра Ширванис гуной. Цул т1аьхьа самукъададларца ишколе лела буьйлира кегийнаш а, къаной а.

1926-чу шарахь Гуьнахь а, Хьаьжин-Эвлахь а схьайиллира «ликпункташ». Гуьнахь, хьалха хьуьжар хиллачу Мурдал1елин ц1еношкахь йиллира и ликпункт. Жимма хан йаьлча, 1930 шарахь, шайн ницкъе хьаьжжина, Советан 1едало т1едиллира массо берашка лахара классаш йахийтар. И школа чекхйаьккхира Манис а. Цул т1аьхьа кхиъна болчу кегийрхоща 1930-чу шарахь Соьлжа-г1ала деша веара вайн турпалхо. Соьлжа-г1алахь вовшахтоьхна йара сихонца нохчийн меттан хьехархой кхиош йолу курсаш.

И курсаш кхиамца чекхйоху Манис. Кхиболу нохчийн меттан хьехархой санна, Мани хьажаво Г1оьрдаларчу ишколе нохчийн мотт хьеха. Х1ора белхан дийнахь 20 чаккхарма Г1оьрдала г1аш д1а а лелаш, суьйранна ц1а а вог1уш болх бира Манис. Ша болх бечу шарахь кхузза бен Г1оьрдалахь буьйса ца йаьккхира цо, и кхо буьйса цигахь йаккхаран бахьана - 1аьнан дарц дара. 1едало цхьаьна шарна шена т1едиллина декар чекхдаьлча Мани Марзой-Мохкарчу ишколе нохчийн мотт а, литература а хьеха воьду. Цигахь 1939-чу шарахь цуьнца болх беш бара йуьртахь бевзаш болу х1ара нах: Инзиевг1ар - 1елий, 1умар, Магомадов Дука, Арсанов Каплан, Селимсултанов Имам-Шепи, Хьаснин Дада (Гуьнара ц1адахьаро), Асланбек, Мевли (Гунаев 1адсаламан ц1ера архив). Цу заманахь, Гуьнахь кхиъна интеллегенци ю ала мегар ду х1ара лакхахь ц1ераш йаьхна нах.

1944-чу шарахь вайн къам арадаккхале Манис болх бо Гуьнарчу ишколехь нохчийн мотт, литература хьоьхуш.

23-чу февралехь бехк боцуш нохчийн а, г1алг1айн а къаьмнаш махкахдоху, цаьрца цхьаьна Мани а, цуьнан доьзал а. Къилбе-Казахстане кхечира Гайтуркаевг1ар – Кустанайски областан Миндыгарынски к1оштара Чернышовка ц1е йолчу йуьрта. Цигахь 1947-чу шарахь дуьнент1е ваьлла Манин к1ант 1арби. Циггахь кхин 3 йо1 а хилла церан доьзалехь. Вай махках дахале 2 к1ант кхелхина а хилла Манин.

Карарчу хенахь шен доьзалца Устрада-г1алахь вехаш ву Манин 76 шо кхаьчна воккхаха волу к1ант 1арби. Цо дийцарехь, йаккхий халонаш лайна махках баьхначу вайнаха. И хала мур дагалоьцуш, шайн дас Манис кест-кеста олура «1941-чу шарахь вайн пачхьалкхица т1ом болийначу Гитлерна къинт1ера ваьлла со. Амма бехк-гуьнахь доцуш 1944-чу шеран 23-чу февралехь нохч-г1алг1айн къам Сибрех дахийтинчу Сталинна а, х1етахь вайн къам доьхкинчу цхьаболчу вайнахана а со цкъа а къинт1ера вер вац», бохуш дуьйцу 1арбис.

Хьехархо хилла а ву, кхетамна шен махкахойл г1олехь а ву, цундела НКВД-н белхахоща «гергарло» лело там бу цо, бохуш, йуьртахь бехачу нохчашна айкх вийла бохуш шайн да Мани хьийзош хилла чекисташа, дагалоьцу 1арбис. Герз лелош мила ву, 1едална реза боцуш къамелаш хьан до, хоьттуш хилла кхайкхаза бог1учу хьешаша, амма х1оразза а Манис ч1аг1о йеш хилла шена хууш цаьргара даьлла х1ума а дац, уьш берриге 1едална а, партина а муьт1ахь а бу, хьанала къахьоьгуш а бу, олий. Шайна Маних «накъост» хир вацийла хиъча эххар а дог а диллина витина хиллера цара Мани, бохуш дуьйцу 1арбис.

Кхойтта шо д1ададьлча, къоман бехк боцийла шайна хиъча, Советан 1едало бакъо а лой, вайнах шайн Даймахка ц1аберзабо. Мани а, цуьнан доьзал а, кхиболу йуьртахой санна, шайн Гуьна ц1абог1у. Йуха а, хьалха санна, Гуьнахь йолчу ишколе балха воьду Мани нохчийн мотт а, литература а хьеха. Вайн турпалхо ша балхахь ву бохуш, цхьана а йукъарчу х1уманна йуьстахваьлла вац, диканехь-вонехь а хилла. Цул сов Манис дуккха къахьегна вайн мехкан а, къоман а истори толлуш. Воккхачо, жимачо вайн историх лаьцнарг а, топонимих дерг а, йуьртахь лаьттинчу хьолах а шайна ца хуург даима Манига хоттура. Цуьнан дала жоп а дара.

Дуккха х1умнаш Манис йаздинчу тептарш т1ера схьаэцца оха «Гуной» ц1е йолу книга йазъеш. Цуьнан дуккха а гергарлонаш дара вайн махкахь бевзаш болчу нахаца, хьалхо кхелхинчу 1илманчашца а, йаздархоща а. Царна йукъехь бара филологин 1илманийн доктор Чокаев Кати, серлонча, поэт, йаздархо, фольклорист волу Сулейманов Ахьмад, поэт, йаздархо Айдамиров Абузар, иштта кхи берш а. И нах Мани волчахь, Гуьнахь, хилла а, цуьнгара пайда иэцна а бу. Оцу наха шайн Маница гергарло ду бохуш дуьйцуш ладег1на ву со.

Сулейманов Ахьмада «Топонимия Чечено-Ингушетии» йазъечу хенахь Манис, Сулейманов Ахьмадан дехарца, дуккха а материал гулйина хиллера, гунойн лаьтта т1ера йезачу меттигех лаьцна, амма КГБ-с бакъо а ца елла Манис бина цхьаболу болх книгашна йукъа ца боьдуш бисира. Бусалба динца до-г1уш долу х1ума дийца лууш бацара 1едалан белхалой.

Чокаев Катис дукха дийцара ша Мани волчахь 1ар, цунах нохчийн меттан нийсайаздаран бакъонаш толлуш шена баьллачу пайданах а.

Манина къаьсттина дика хаьара 18-19 б1ешерашкахь Нохчийчохь хилларг, лелларг. Цо дукха пайда оьцура 1еламнаха 1аьрбойн маттахь йаздинчу тептарех, иштта 1аьрбойн элпех пайда а оьцуш, нохчийн маттахь йаздинчу жайнех. Цундела Манина кхиболчу жех1ил нахал а г1олехь хаьара нохчийн истори.

Айдамиров Абузара шен йевзаш йолу «Еха буьйсанаш» ц1е йолу роман йазйеш дукха хан йаьккхира Маница. Абузара дийцарехь цуьнгара боккха пайда а белира цунна. Шен книга арайаьлча Абузара Манина совг1атана йелира иза, х1ара дешнаш а яздеш: «Гуьнарчу нохчийн меттан хьехархочунна шегара совг1атана». Цо гойту цаьршиннан хилла йукъаметтиг. Вайн турпалхочунна ч1ог1а дика хаьара нохчийн мотт, цунна девзара шира дешнаш, шен къамелехь церах пайда а оьцура. Нохчийн мотт буьйцуш цо цкъа а ца избора иза кхечу къаьмнийн меттанех. Йоза а дара цуьнан ч1ог1а хаза. Цо йазйинчу байтех а, назманех а х1инца а пайдаоьцуш бу Гуьнара бахархой. Манин хьехархой хилла Веданара тайпана белг1ато волу Гудаев Эми, Эрсанара Кантаев Шедид, кхиберш.

Манис Гуьнарчу ишколехь хьехархочун болх бина 1974-г1а шо кхаччалц. Цул т1аьхьа кхо шо даьлча кхелхира Мани. Дала декъалвойла иза! Дикачу наха дитина дика х1уманаш т1екхуьучарна сирла седа хуьлий, некъ къагош б1ешерашкахь деха! Иштта вара вай вийцина бакъволу хьехархо, йуьхьк1ам болу йуьртахо – Гайтуркаев Мани. Лаьа ишттачу нехан ц1ераш историех йуьсийла! Къоманa, шен турпалхойн ц1ерш йевзийла, цара дитинчу г1уллакхашкахула.





**Ибрех1има к1ентан Муьслин во1 Мовсур, историн 1илманийн доктор, профессор**

**Суьрташ т1ехь: Гайтуркаев Мани (лакхахь); чекхдаьллачу б1ешеран 60-чу шерашкахь Гуьнара йуккъерчу школехь болх беш хилла хьехархой (хьалхарчу мог1арехь йуккъерниг - Гайтуркаев Мани)**

# КАДАМ



"Керла дахар" газетан редакцин коллективо а, Веданан к1оштарчу бахархоша а даггара халахетарца кадамбо Веданан к1оштахь а, Нохчийчохь а дика вевзаш хилла волу, к1оштан къанойн кхеташонан декъашхо Элистанжара Тепсуев Селим-Солта кхалхарца доьзна цуьнан доьзале а, гергарчаьрга а, халахетаран дакъа мел кхаьчначаьрга а.

Махкана боккха эшам бу иштта стаг кхалхар. Цуьнан оьздангаллина а, дикаллина а дан тоьшаллаш дуккха а ду. Делахь а, Делан кхиэл леланза ца йолу. Аллах1-Дала гечдойла цунна. Везачу Аллах1а Йалсаманин хьаша войла цунах! Дала ийманаца собар а, собарца йал а лойла халахетаран дакъа мел кхаьчначунна!

# ИЗВЕЩЕНИЕ

Администрация Веденского муниципального района, руководствуясь ст. 39.18 Земельного кодекса РФ от 25.10.2001г. № 136-ФЗ, на основании распоряжения от 05.04.2023 г. №188 извещает о возможности предоставления на праве аренды следующих земельных участков для индивидуального жилищного строительства:

| № | Адрес земельного участка | Категория земель | Вид разрешенного использования | Площадь | Кадастровый квартал |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | ЧР, Веденский р-н, с. Хаттуни, ул. М. Т. Тайсумова, д. 40 | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 1561 | 20:02:1801007 |
| 2 | ЧР, Веденский р-н, с. Махкеты, ул. Расуева,д. 57 | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 1500 | 20:02:2801002 |
| 3 | ЧР, Веденский р-н, с. Хаттуни, ул. Кадырова, д. 79. | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 1500 | 20:02:1801007 |
| 4 | ЧР, Веденский р-н, с. Махкеты, ул. Г. Расуева, д. 44 | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 500 | 20:02:2801002 |
| 5 | ЧР, Веденский р-н, с. Тевзана, ул. Р. И. Илесова, д. 18 | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 2000 | 20:02:2001004 |
| 6 | ЧР, Веденский р-н, с. Тевзана, ул. Исраилова, д. 11 | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 1417 | 20:02:2001004 |
| 7 | ЧР, Веденский р-н, с. Тевзана, ул. В. С. Исраилова, д.12 | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 1569 | 20:02:2001004 |
| 8 | ЧР, Веденский р-н, с. Тевзана, ул. А. А. Юсупова, д. 56 | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 1500 | 20:02:2001004 |
| 9 | ЧР, Веденский р-н, с. Тевзана, ул. А. А. Юсупова, д. 57 | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 1200 | 20:02:2001004 |
| 10 | ЧР, Веденский р-н, с. Тевзана, ул. А. А. Юсупова, д. 58 | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 1500 | 20:02:2001004 |
| 11 | ЧР, Веденский р-н, с. Дышне-Ведено, ул. Б. Пашаева, д.10. | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 269 | 20:02:2401003 |

Граждане, заинтересованные в предоставлении данных земельных участков, в течение тридцати дней со дня опубликования и размещения настоящего извещения, могут подавать письменные заявления в имущественно-строительный отдел и ЖКХ администрации Веденского муниципального района с 10.00 ч. до 17.00ч., кроме субботы и воскресенья.

# ЧЕЧЕНСКИЙ МИНИСТ ПРИЗВАЛ ТУРИСТОВ СОБЛЮДАТЬ НОРМЫ ПРИЛИЧИЯ

**Министр Чеченской Республики по туризму Муслим Байтазиев призвал туристов, приезжающих в регион, соблюдать элементарные нормы приличия.**

Комментируя агентству «Грозный-информ» недавний инцидент, произошедший в Шалинской мечети, где приезжие молодые люди неадекватно себя вели и таким образом оскорбляли чувства верующих мусульман, Байтазиев призвал туристов и гостей республики вести себя подобающе.

«Мы не так много просим от наших гостей. Мы на самом деле хотим, чтобы они оказывали уважение по отношению к молящимся и к чувствам верующих. Преобладающая часть населения Чеченской Республики является мусульманами, и на территории нашего региона расположены уникальные мечети, одна из которых является самой большой в Европе. И нам бы хотелось, чтобы туристы и гости соблюдали элементарные нормы приличия. Пожалуйста, не делайте ничего, за что вам было бы стыдно, если бы это увидела ваша мать либо бабушка», - сказал он.

Руководитель ведомства добавил, что на постоянной основе предпринимаются меры для недопущения и пресечения подобных ситуаций.

«Работу по доведению информации и правил поведения в нашем регионе мы проводим постоянно. Перед каждым религиозным объектом расположены информационные стенды и баннеры на двух языках: русском и английском, где полностью расписано, как должен вести себя турист, который посещает тот или иной религиозный объект. Вместе с тем мы регулярно отправляем специально разработанную памятку всем турагентствам и туроператорам, с которыми мы работаем уже более четырех лет, а также показываем ее на всех презентациях в крупных городах России, особенно в тех, с которыми у нас есть авиасообщение. Понятно, что туристы в Чеченскую Республику попадают разными путями. Поэтому мы не можем учесть всех туристов, которые въезжают на территорию республики, и проводить с ними профилактические беседы. Однако, как я сказал ранее, у нас есть памятки и информационные стенды, которые расположены у религиозных объектов, и на них очень подробно описано, как нужно вести себя при посещении святынь», - подытожил М. Байтазиев.

Также министр отметил, что необходимо учитывать тот факт, что с развитием туризма в ЧР количество туристов растёт и будет расти с каждым годом. Соответственно, в таком большом потоке без неприятных инцидентов не обойдется.

«С уверенностью могу сказать, что таких случаев у нас немного, даже если сравнить со статистикой соседних регионов. И это, конечно же, благодаря тому, что Глава Чеченской Республики Рамзан Ахматович Кадыров обеспечил полную безопасность на территории нашего региона. Мы видим, что инцидентов, связанных с гостями республики и туристами, буквально можно пересчитать по пальцам. За последние несколько лет, в течение которых мы активно развиваемся, их крайне мало», - добавил он.

Завершая разговор, министр ЧР по туризму подчеркнул, что пребывание туристов в регионе максимально комфортное.

«Более того, это самый безопасный регион на территории Российской Федерации», - заключил Байтазиев.

**ИА "Грозный-информ"**

МБУ «ВЕДЕНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА «КЕРЛА ДАХАР»
КЕРЛА дахар
**Главный редактор А.Ш. Радуев**
12+
Тел.: 8 (938) 021-51-70
Сайт: www.kerla-dahar.ru
E-mail: kerla_dahar@mail.ru

**Учредитель: Администрация Веденского муниципального района Чеченской Республики.**
**Адрес учредителя/издателя:** 366337, Чеченская Республика, Веденский район, с. Ведено, переулок А.-Х. Кадырова, д. 5

**Адрес редакции:** 366337, Чеченская Республика, Веденский район, с. Ведено, ул. М. Ушаева, д. 2.

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 20-00057 от 05.08.2011 г.

Отпечатана в АО ИПК «Грозненский рабочий», 364021, г. Грозный, ул. Интернациональная, 12/35.
**Подписано в печать:** по графику - 06. 04. 23 г., в 10.00 по факту - 06. 04. 23 г., в 10.00
Заказ № _______

Газета набрана и сверстана на компьютерной базе редакции газеты «Керла дахар».
**Тираж 1000 экз.**